



Fè yon Chèdèv

Story Stones

"Ròch ki rakonte yon Istwa"

Yon Story Stones se yon koleksyon ròch ki pentire ak diferan foto, ki enspire e bay defi pou kapab envante pwòp istwa'w, lejand, mitoloji'w oubyen lòt tip de istwa!

Kisa ke ou bezwen:

- Yon ti sak oubyen yon bòl
- O mwen 5 ròch ki sanble gress yon zaboca
- Penti akrylik ak yon bwòss ki gen tèt pwenti oubyen bwòss penti
- Penti akrilik klè pou ede sele penti an pou li kapab rete pi lontan (opsyonèl)
- Imajinasyon'w!



Kisa pou fè:

1. Rasanble 5 ròch ki menm gwosè gress zaboca e mete yo nan yon ti sak oubyen bòl.
2. Desine oubyen pentire yon imaj nan chak ròch pou reprezante yon karaktè, objè, oubyen lokasyon (paramèt). Yon fwa ke yo sèch, l'ap bon, men pa nesesè pou mete penti akrilik klè pou ede sele penti an pou li kapab rete pi lontan.
3. Pou enspire imajinasyon istwa, kreye o mwen 5 ròch, ki enkli: 2 ròch karaktè, 1-2 ròch objè, 1-2 ròch paramèt. (Eske ou bezwen ide sou kisa pou pentire? Fè yon rechèch nan google pou "story stones" pou li montre yon pakèt bon referans imaj.)
4. Pou kapab jwe, retire story stones ou yo kote yo ye, e kòmanse rakonte istwa ak foto yo. Amizan? Ki fè pè? Dramatik? Ki kote imajinasyon'w ap menen'w? Konbyen diferan istwa ke ou kapab envante ak menm ròch sa yo?

